ki war mooy nuyu kiy dox, kiy dox mooy nuyu ki toog, ñi néew ñooy nuyu ñi bari

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm-mu wax ne :Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «ki war mooy nuyu kiy dox, kiy dox mooy nuyu ki toog, ñi néew ñooy nuyu ñi bari». Nekk na ca téereb Al-Buxaarii: «xale bi mooy nuyu mag mi, kiy romb mooy nuyu ki toog, ñi néew ñooy nuyu ñi bari».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day jàngale teggini nuyòo ci diggante nit ñi "assalaamu halaykum wa rahmatul Laahi wa barakaatuhu", Xale nuyu mag, ki war nuyu kiy dox, kiy dox nuyu ki toog, lim bu néew nuyu ñu bari ñi.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/4243